КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэщ
КъБР-м и Конституцэм и махуэщ
НОБЭ
Налшык къалэм и махуэщ
ЩIэныгъэхэм я махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№105 (25.011) • 2026 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 1, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр нэрылъагъу къыпщащI

### Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Республикэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

ПщIэ зыхуэсщI си лъахэгъухэ!

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Республикэм и махуэмкIэ!

Нобэрей махуэшхуэм зэкъуегъэувэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псори - Хэку лъагъуныгъэмрэ къэралым хуэпэжынымрэ ехьэлIа лъапIэныгъэхэр, зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ епха хабзэфIхэр хъумэнымкIэ, дыщалъхуа щIыналъэмрэ ди Хэку инымрэ я къэкIуэнумкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зыхэзыщIэ цIыхухэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ игъуэтыныр абы и тхыдэм мыхьэнэшхуэ щызиIа Iуэхугъуэщ. БлэкIа илъэсхэм къриубыдэу республикэр хъуащ къэралым ехъулIэныгъэ щиIэу зыщызыужь и щIыналъэ, унэтIыныгъэ куэду зэщхьэщыха экономикэ лъэщ, зызыужьа социальнэ IэнатIэ, лъагапIэфIхэм нэса егъэджэныгъэрэ щэнхабзэрэ иIэу.

Гум къыбгъэдэкI фIыщIэ псалъэхэр яхуэгъэзащ дяпэ ита нэхъыжьыфIхэу республикэм и зэфIэувэныгъэм зи гуащIи, щIэныгъи, зэфIэкIи езыхьэлIахэм. ПщIэшхуэ яхудощI ди щIыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин мы зэманым хуэзыщIхэм. ЛэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэрызэIутхыр, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортымрэ туризмэмрэ епха IэнатIэхэм иджырей мардэхэм хуэкIуэу зэрызедгъэужьыр, зэредгъэфIакIуэр иужьрей илъэсхэм зэфIэха хъуа зэхъуэкIыныгъэфIхэм нэрылъагъуу щыт я зы Iыхьэщ.

Дауи, дэ хэхауэ дропагэ ди къэралым гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэт ди лъахэгъу зауэлIхэм, абы къыщагъэлъагъуэ лIыгъэм, къакъуэкI хахуагъэм дригушхуэу. Абыхэм яхъумэ Урысейм и къэкIуэну дахэр. ТекIуэныгъэ яIэу я унагъуэхэм щIэх дыдэу къекIуэлIэжыну ди гуапэщ.

Нобэ дэ гушхуэныгъэ тхэлъу дыхуоплъэ къэкIуэнум. ГуащIэдэкI хьэлэлым, захуагъэм дрителъхьэу зэрыщытым, къарурэ зэфIэкIыу тхэлъым Iэмал къыдет къалэн нэхъ гугъу дыдэхэр зыхуэдгъэувыжыну, абыхэм епха мурадыфIхэр зэдгъэхъулIэну. Ди хъуэпсапIэ нэхъ лъагэ дыдэхэм ящыщу зыужьыныгъэ стратегием щыдиIэр цIыхухэм я гъащIэр, псэукIэр нэхъри егъэфIэкIуэнырщ.

Си фIэщ мэхъу, зыIэрыдгъэхьа текIуэныгъэхэр я лъабжьэу, нэхъыжьхэм ядэтлъэгъуа щапхъэхэр ди тегъэщIапIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Урысей инымрэ я къэкIуэну дахэмрэ зыужьыныгъэмрэ яхуэгъэпса ди мурадхэр зэгъусэу зэрызэдгъэхъулIэфынур.

Республикэм и цIыху псоми сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, насып, зэлузэпэщыгъэ яIэну.

## Гъуэгу махуэ фытеувэну!

### Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЩIэныгъэхэм я махуэм теухуа и хъуэхъу

ПщIэ зыхуэсщI егъэджакIуэхэ, адэ-анэхэ, студентхэ, школакIуэхэ! ЩIэныгъэхэм я махуэмкIэ сынывохъуэхъу.

Ягури я псэри зыгъэпIейтей нобэрей махуэшхуэм теухуа гукъэкIыжхэр ныбжьыщIэхэм игъащIэкIи щахъумэнущ я гум и лъащIэм. Ди сабийхэм ящыщ куэдым япэу школыбжэр Iуахыну аращ, адрейхэми яублэнущ курыт школым иужьрейуэ щыщIэсыну гъэ еджэгъуэр. Си фIэщ мэхъу езанэ классым мы гъэм кIуэ цIыкIухэр егугъуу, яфIэфIу зэреджэнур, школыр абыхэм я дежкIэ унагъуэ етIуанэ хъуауэ. ШколакIуэхэмрэ студентхэмри дэтхэнэ еджэгъуэ махуэми, шэч хэмылъу, къахуихьынущ куэдрэ ящымыгъупщэжу гум щахъумэну Iуэхугъуэхэр.

Псалъэ гуапэхэм я нэхъыфIхэр яжесIэну сыхуейщ ди егъэджакIуэхэм, ущиякIуэхэм, унэтIакIуэхэм. Ди гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхудощI уасэ зимыIэ фи псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщIэ, фи IэщIагъэм фызэрыхуэпэжымрэ фи нэIэм щIэт сабийхэм фазэрыдэгуашэ псэ хуабагъэмрэ щхьэкIэ.

Гъэ еджэгъуэщIэр - ар сыт щыгъуи къэхутэныгъэщIэхэм, IэмалыщIэхэмрэ гугъапIэщIэхэмрэ я зэманщ. Студентхэми школакIуэхэми си гуапэу сынывохъуэхъу фи гур хэхъуэу, фызыхуэплъэ лъагапIэщIэхэм фынэсыфу лъэхъэнэщIэр ефхьэкIыну.

ЕхъулIэныгъэрэ насыпрэ фиIэну! Гъуэгу махуэ фытеувэну!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩIэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын**

**Махиевэ Людмилэ Хьэманджэрий и пхъум** - «ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» федеральнэ щIэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэм и къудамэм - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым - и унафэщIым щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэм;

**цIэ лъапIэхэр яфIэщын**:

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»**

**Дзыгъуанэ Ритэ Хьэбалэ и пхъум** - «ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэм и къудамэм - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым - къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэм;

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»**

**Къущхьэ Иммэ Хъусен и пхъум** - «ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэм и къудамэм - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым - и редакционнэ-къыдэзыгъэкI и IэнатIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм шыщхьэуIум и 27-м*
*№83-УГ*

## Дэтхэнэми гулъытэ яхуещI

КIуэкIуэ Казбек шыщхьэуIум и 30-м яIущIащ я щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуахэм. ДэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу Iэтащхьэм зыхуагъэзащ узыфэ гъэтIылъа зиIэ сабийхэр зейхэм, апхуэдэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ.

Зыхуэза псоми я Iуэхухэм теухуа пщэрылъ хэхахэр Iэтащхьэм яхуищIащ зыхуэфащэ IэнатIэхэм.

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щэбэт кIуам лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Май, Тэрч щIыналъэхэм икIи абыхэм щыпсэухэм яIущIащ.**

# Узэрыгушхуэнщ щIыналъэхэр зэрефIакIуэр

ЗЭIУЩIЭХЭМ щызэхалъхьэжащ иужьрей илъэситхум щIыналъэхэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызаужьам кърикIуахэр, цIыхухэр зыгъэпIейтей Iуэхухэм и гугъу ящIащ, зыIууэ лъэпощхьэпохэр къызэнэкIынымкIэ хэкIыпIэхэм, апхуэдэуи адэкIэ я мурадхэми тепсэлъыхьащ. Нэхъ зэпкърыхауэ къытеувыIащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэм ящыщу езыхэм къехьэлIахэр щIыналъэхэм гъэзэщIа зэрыщыхъум.

Къапщтэмэ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектымрэ КИФЩI-м зегъэужьыным хуэгъэпса программэмрэ япкъ иткIэ Май щIыналъэм еджапIищым унэщIэхэр хуаухуащ - Ново-Ивановскэм дэт лицейм, Май къалэмрэ Александровскэ станицэмрэ я еджапIэхэм папщIэ. Къэрал проектхэм хыхьэу къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ Май къалэм, Александровскэ станицэм дэт еджапIэхэр, Ново-Ивановскэ, Октябрьскэ, Александровскэ жылэхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэхэр, щIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэхэм къепха сабий поликиникэр, Октябрьскэ къуажэм ФАП щаухуащ. «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» егъэджэныгъэ центрхэр школихым къыщызэIуахащ, ЩIалэгъуалэ центр лажьэу яутIыпщащ. «Къалэдэсхэм я псэукIэр зэIузэпэщ щIын» къэрал проектым ипкъ иткIэ муниципалитетхэм я къарукIэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэхэм ящыщу 16, жылагъуэ зэхуэсыпIэу 13, сабий джэгупIэу 5 зыхуей хуагъэзащ. Май щIыналъэм щагъэхьэзыра проектхэр тIэунейрэ щытекIуащ Урысейм УхуэныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI зэпеуэхэм икIи абы папщIэ 2024 гъэм къратa грантымкIэ къалэ утыкур ирагъэфIэкIуащ, иджыпсту зэфIагъэкI «Заря» паркым иращIылIэн хуей лэжьыгъэхэм я япэ Iыхьэр. Дызэрыт илъэсым еджапIитI зэрагъэпэщыж - Май къалэмрэ Котляревскэ станицэмрэ дэтхэр. Май къалэм «ГъащIэ кIыхь икIи узыншэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ йолэжь сабий садым, республикэ мэкъумэш колледжым и къудамэм и унитIым, щIыналъэ поликлиникэм. ЩыIэ мардэхэм кърагъэтIэсащ гъуэгу километр 60-м нэблагъэ, абыхэм щIыналъэ мыхьэнэ зиIэхэри яхэту. Май къалэмрэ Ново-Ивановскэмрэ я зэхуакум газ кIуапIэ бжьамийр щыукъуэдиин лэжьыгъэхэр зэфIэкIащ, Бахъсэн къутырми газыр ирашэлIащ. Иджы щIыналъэм и жылэ псоми газыр яIэщ.





КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ Тэрч щIыналъэм щыкIуам япэу зыIущIар администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Уэдыхь Тимурщ. Ахэр тепсэлъыхьащ муниципалитетым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIа къалэнхэм, къытеувыIащ мэкъумэш IэнатIэм и Iуэху зыIутым. КъимыдэкIэ, гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзыр щIыкIэм, коммунальнэ IэнатIэхэмрэ ЖКХ-мрэ бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум зэрыхуэщIам. Апхуэдэуи и гугъу ящIащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр зэщIэкъуэн, жылэхэр зэщIэгъэкъэбзэн къалэнхэр зэрызэфIагъэкIым.

Тэрч щIыналъэм хыхьэ жылэхэм я администрацэхэм я лэжьакIуэхэм республикэм и Iэтащхьэр щаIущIам зэпкърахащ лъэпкъ проекthэмрэ къэрал программэхэмрэ щыубзыхуахэр гъэзэщIэным теухуауэ иужьрей илъэситхум зэфIэгъэкIа хъуахэр.

Яубзыхуа пIалъэхэм тету районым щызэрагъэпэщыж еджапIэхэр, спорт залхэр, «Зыужьыныгъэм и къежьапIэхэр» къыщызэIуах, ЩIалэгъуалэ центр къызэрагъэпэщащ. «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым хыхьэу щIыналъэм дызэрыт илъэсым къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыж курыт еджапIи 4. Тэрч къалэм щаухуащ школыщIэрэ сабий садыщIэрэ, Новая Балкария къуажэм школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмыса цIыкIухэм щадэлажьэ IуэхущIапIэ. Арыкъэ Терекскэмрэ ЩэнхабзэмкIэ я унэхэр щызэрагъэпэщыжащ, Тэрч къалэм и библиотекэри сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзэ. Узыншагъэр хъумэным пыщIа IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэным теухуа программэм ипкъ иткIэ зэрагъэпэщыжащ щIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм балигъхэм, сабийхэм щеIэзэ и поликлиникэхэм я унэхэр, Урожайнэм дэт амбулаториер, Дей къуажэм амбулаториещIэ щащIащ. Мы зэманым щIадзауэ зэрагъэпэщыж щIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм и унэр. «Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал проектым хагъэхьауэ ирагъэкIуэкI щIыналъэм хыхьэ жылэхэм псы къабзэ яIэным хуэгъэза лэжьыгъэхэри. Мы гъэм апхуэдэ Iуэхухэм щыпашэ Инарыкъуейм, Курп псы къыщIэшыпIэ станцым. Гъуэгу лэжьыгъэхэри къызэтеувыIэркъым: Тэрч псым телъ, метри 160-рэ зи кIыхьагъ лъэмыжыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын лэжьыгъэр зэфIагъэкIащ. ЦIыху зэхуэсыпIэхэр зэIузэпэщ ящI.

Май, Тэрч щIыналъэхэм щыпсэухэм республикэм и унафэщIыр щепсэлъылIэм и гугъу ящIащ социальнэ IэнатIэм хыхьэ IуэхущIапIэхэр, гъуэгухэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным, спортым зегъэужьыным, нэгъуэщI зи чэзу Iуэхухэми ехьэлIа къалэнхэм. КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм хэтахэм яжриIащ зытепсэлъыхьа Iуэху псоми яхуэфащэ унафэ зэрагъэуэтынур.

## Махуэшхуэм фрагъэблагъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр пщIэрэ щIыхьрэ пылъу зэрырагъэкIуэкIынум зыхуагъэхьэзыращ. Фыщыдогъэгъуазэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу зэхэтынухэм**:

Зэрыхабзэу, **фокIадэм и 1-м** къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм КъБР-м и Правительствэм и Унэм щрат. Сыхьэти 10-м ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ит «ЩIыхьым и мафIэ мыужьых» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэ.

КъищынэмыщIауэ, ЩIэныгъэм и махуэмрэ Къэралыгъуэм и махуэмрэ теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр нобэ щокIуэкI республикэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ псоми.

Сабий творчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» академием епха лицейм и гъэсэнхэм папщIэ махуэшхуэ къызэрагъэпэщынущ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я къэрал ныпхэр къыщаIэту.

**ФокIадэм и 1-м** Налшык зоопаркымрэ къалэ аттракционхэмрэ пщIэншэу мэлажьэ зи ныбжьыр илъэс 12-м нэсхэм папщIэ.

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я уардэунэм «Си Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ» гуфIэгъуэ Iуэхур къызэригъэпэщынущ.

**ФокIадэм и 1 - 8-хэм** республикэм щэнхабзэмкIэ и унэхэм пшыхьхэр щекIуэкIынущ.

**ФокIадэм и 3-м** Налшык и «Кругозор» киногъэлъэгъуапIэм пщIэншэу щрагъэплъынущ Лермонтов Михаил и «Герой нашего времени» романым къытращIыкIа «Бэла» фильмым.

**ФокIадэм и 5 - 6-хэм** Налшык къалэм ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум деж щекIуэкIынущ «Вкусы России» фестивалыр.

**ФокIадэм и 5-м** сыхьэт 19-м Театр ЩхъуантIэм щекIуэкIынущ гъуазджэм и лэжьакIуэхэм я пшыхь.

**ФокIадэм и 12-м** Налшык и шыгъэжапIэм сыхьэт 12-м щIидзэу «Iуащхьэмахуэ и кубок-2026» XXI шыгъажэр щекIуэкIынущ.

**ФокIадэм и 19 - 20** махуэхэм «Уже не лето» фестивалымрэ Уэрамым щагъэлъагъуэ театрхэм я зэхыхьэрэ зэхэтынущ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу**.



ЗрихьэлIэ лъэпощхьэпохэр зэгъусэу къызэранэкIыурэ

2-нэ нап.



Журналист пашэхэр утыку кърашэ

2-нэ нап.



Сабийхэм я гъуэгугъэлъагъуэ

3-нэ нап.



Уафэмрэ щIылъэмрэ я зэхуакум

4-нэ нап.

• Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ •



● КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм

# ЗрихьэлIэ лъэпощхьэпохэр зэгъусэу къызэранэкIыурэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр илъэс къэс фокIадэм и 1-м догъэлъапIэ, автономиер къызэрыунэхуар, щIыналъэм и Конституцэр къызэращтар и лъабжьэу. Мы махуэшхуэр зытеухуар республикэм ис лъэпкъыбэрщ, абы къызэринэкIа тхыдэ гъуэгуанэрщ, Урысей Федерацэм хэту зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэрщ. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ Бгырыс автоном республикэм щыхэтам къыщыщIедзэ а гъуэгуанэм. Властыр зэрыубзыхуар зигу иримыхь лъэпкъитIым ящыщу адыгэхэм япэу къагъэлъэгъуащ я мыарэзыныгъэр. Къэбэрдей большевикхэм я Iэтащхьэ Къалмыкъ БетIал я пашэу, адыгэхэм къагъэуващ Бгырыс автоном республикэм къыхэкIыжыным и Iуэхур. Ар ядиIыгъащ а зэманым Налшык зыщызыгъэпсэхуа Сталин Иосиф.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 1921 гъэм фокIадэм и 1-м РСФСР-м и ВЦИК-м и декреткIэ Къэбэрдей автоном областыр къызэрагъэпэщащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым и мазаем апхуэдэ дыдэу балъкъэрхэри зи гугъу тщIы республикэм къыхэкIыжащ икIи ди щIыналъэр Къэбэрдей-Балъкъэр автоном область хъуащ, я къалащхьэри, я дамыгъэри зыуэ.

Тхыдэм къигъэлъэгъуащ дяпэ итахэм яча лъэбакъуэм мыхьэнэшхуэ иIэу зэрыщытар. Щхьэхуэ хъуа щIыналъэр зыужьыныгъэм и гъуэгум лъэщу теуващ. Ди областым, 1936 гъэм и ужькIэ республикэ хъуам, щаухуащ Кавказ Ищхъэрэ псом къыпэхъун имыт IуэхущIапIэ инхэр - Налшык лы комбинатыр, чырбыш заводыр, нэгъуэщIхэри. Социалист ухуэныгъэм къыщихьа ехъулIэныгъэшхуэхэм я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 1931 гъэм Ленин орденыр япэу къратащ, 1957 гъэм етIуанэу къыхуагъэфэщащ а дамыгъэ лъапIэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ езыхэм я хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ органхэр зиIэ къэралыгъуэ зэрыхъуарщ.

Куэдт а лъэхъэнэм лъэпкъитIым Iэмалу къахукъуэкIар. Ди япэ итахэм зэман кIэщIым къриубыдэу яхузэфIэкIащ щIэныгъэншагъэр ягъэкIуэдын. АдыгэбзэкIэ дунейм къытехьэу хуежьащ тхылъхэмрэ газетхэмрэ. Дуней псом адыгэу тетыр зыгъэгушхуэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр къызэрагъэпэщащ, Бахъсэн ГЭС-р яухуащ. ЕужьэрэкIыу зызыужь лъахэр иджы КъБАССР-у зэрахъуэкIащ, абы къыхэкIыуи я хуитыныгъэхэр нэхъыбэ хъуащ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, къэралым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, 1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал суверенитетым и декларацэр къащтащ икIи ди хэкур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ хъуащ. 1997 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр щIэуэ къащтащ икIи абы щIигъэбыдащ Урысей Федерацэ зэкъуэтым хэту, зыужьыныгъэр я плъапIэу, демократием и хабзэм тету псэуну зэрамурадыр. Сыт и лъэныкъуэкIи зэпэлъыта къэрал лъэпкъ политикэ егъэкIуэкIынращ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зытетыр.

Нобэ зи нып, гимн, Конституцэ, Iэтащхьэ, Парламент, Правительствэ зиIэж ди лъахэ дахэр Урысей Федерацэм и субъект нэхъыфIу зызыужьхэм ящыщу къогъуэгурыкIуэ. Ди республикэ унафэщIхэр пылъщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, узыншагъэм щыкIэлъыплъ медицинэ IэнатIэм зегъэужьыным, хьэрычэтыщIэхэмрэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъун мылъку къахузэщIэгъэуIуэным, лъэпкъхэм я хабзэмрэ лIэщIыгъуэкIэрэ къадэгъуэгурыкIуэ зэхэтыкIэ екIумрэ хъумэным, проектышхуэхэр гъэзэщIэным. Мэкъумэш IэнатIэм зиужь зэпытщ, IуэхущIапIэхэр къызэрагъэпэщ, щыIэхэр ирагъэфIакIуэ. Мыхьэнэшхуэ ират фейдэ къызыпэкIуэ инвестицэ проектхэм. Экономикэ, туризм, спорт, егъэджэныгъэ, нэгъуэщI IэнатIэхэм зэманым декIуу зауж, технологиещIэхэр къыщагъэсэбэп. Ди къалэхэмрэ къуажэхэмрэ гъуэгущIэхэр, школхэр, сабий IыгъыпIэхэр, спорт IуэхущIапIэхэр, поликлиникэхэр, сымаджэщхэр къыщызэIуах. Нэхъыщхьэращи, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ гъэбыдэным, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэр зэгурыгъэIуэным теухуауэ куэд дыдэ щалэжь.

Ди лъахэм и щыIэкIэ-псэукIэр нобэ куэдым я щапхъэщ. Тхыдэ кулей зиIэ, цIыху цIэрыIуэ куэдым я адэжь хэку Къэбэрдей-Балъкъэрым хэлъхьэныгъэ инхэр хуищI зэпытщ къэралым и тхыдэми щэнхабзэми. Ар лъэпкъищэм нэблагъэм я хэкужщ. Лъэпкъ зэхэгъэж къемыкIуэкIыу, республикэм нобэ зэпIэзэрыту зеужь, зрихьэлIэ лъэпощхьэпохэр къызэринэкIыу.

Экономикэ зызыужьарэ псэукIэ зэIузэпэщрэ зиIэ щIыналъэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр куэдрэ щыIэну Тхьэм жиIэ!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● ФокIадэм и 3-р Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

# Къэралри жылагъуэри щызэкъуэувэщ

**Терроризмэм пэщIэтыныр къэралми жылагъуэми я зэхуэдэ къалэну зэрыщытым уезыгъэгупсысщ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыжщ фокIадэм и 3-р.**

ФЭЕПЛЪ махуэр траухуащ 2004 гъэм фокIадэм и 1 - 3-хэм Беслъэн къалэм (Осетие Ищхъэрэ) къыщыхъуа гузэвэгъуэм. Пщэдджыжьым махуэшхуэ линейкэр екIуэкIыу, IэщэкIэ зэщIэузэда гупым яубыдат езанэ школыр икIи лагъым зыщIэлъ унэм цIыху 1000-м щIигъу гъэр ящIауэ щаIыгъащ. Абыхэм яхэтт еджакIуэхэри, адэ-анэхэри, егъэджакIуэхэри. Псырэ шхынрэ ямылъэгъуауэ бзаджащIэхэм махуищкIэ цIыхухэр яIыгъащ. ФокIадэм и 3-м щIидзащ «Альфа», «Вымпел» гупхэр еджапIэм ебгъэрыкIуэным. Залымыгъэшхуэ щызэрахьа а щIэпхъаджагъэм цIыху 334-рэ хэкIуэдат, 186-р сабийуэ.

А гузэвэгъуэр ди зэманым къриубыдэу нэхъ шынагъуэ дыдэу ялэжьахэм ящыщ зы хъуащ икIи къэралыр терроризмэм зэрыпэщIэт щIыкIэм хэплъэжыну къыхуигъэуват. Апхуэдэу, Беслъэн иужькIэ къызэрагъэпэщащ Лъэпкъ террорым пэщIэтынымкIэ комитетыр, зы илъэс дэкIри - фокIадэм и 3-р фэеплъ махуэу ягъэуващ.

Терроризмэм и бий бэнэныгъэм щызэкъуэувэным и махуэм къегъэлъагъуэ Iуэхугъуэ нэхъ шынагъуэ дыдэу ди зэманым къыщыхъухэм пэщIэтынымкIэ къэралри жылагъуэри зэрызэкъуэтыр. 1990 гъэм щегъэжьауэ 2006 гъэ пщIондэ гущIэгъуншагъэ зыхэлъ теракт 70-м щIигъу къэралым щалэжьауэ щытащ: псэупIэ унэхэр, кхъухьлъатэхэр, мафIэгухэр къагъауэу, цIыху куэд гъэру яубыду. ЦIыху къызэрыгуэкI мин 1,6-м щIигъурэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ 400-м нэсрэ хэкIуэдащ абыхэм. Террористхэм ялэжьхэри кIуэ пэтми нэхъыбэ хъурт.

А къэхъукъащIэхэм цIыху мин бжыгъэхэм я гъащIэр, дауи ихъуэжащ, шынагъуэншагъэ IэнатIэр гъэлъэщыным къэралыр, зэрыжытIауэ, иригъэгупсысащ. Иужьрейуэ Урысейм и щIыналъэхэм щекIуэкIа теракт нэхъ инхэм ящыщщ «Крокус Сити Холл» концерт гъэлъэгъуапIэм 2024 гъэм и гъатхэпэ мазэм зэрытеуар - цIыхуи 151-рэ (сабиих яхэту) хэкIуэдащ.

А махуэм къэрал унафэщIхэм, щIыпIэ унафэр зезыхьэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм фэеплъ Iуэхугъуэхэр къэрал псом щрагъэкIуэкI. Псалъэм папщIэ, нэщхъеягъуэ пэкIухэм цIыхухэр щызэхуос, удз гъэгъахэр фэеплъхэм тралъхьэ, дакъикъэкIэ щыму зэхэтщ, еджапIэхэм лIыхъужьыгъэм теухуа сыхьэтхэр къыщызэрагъэпэщ, музейхэм гъэлъэгъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкI.

Дэтхэнэ IуэхугъуэмкIи я мурадыр терроризмэм пэщIэтынымкIэ зэдай къалэным жылагъуэр хузэщIэгъэуIуэнырщ, терактхэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр яхъумэнырщ.

Террорым пэщIэтыным теухуауэ мы махуэм и закъуэкъым Урысейми дунейми щыщыIэр. Псалъэм папщIэ, шыщхьэIум и 21-р Терроризмэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ (2018 гъэ лъандэрэ), жэпуэгъуэм и 26-р Дубровкэ щекIуэкIа терактым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ, гъатхэпэм и 22-р «Крокус Сити Холл»-м щекIуэкIа терактым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ (2024 гъэ лъандэрэ).

Урысейм террорым ебэныным хуэгъэпсауэ къыщызэгъэпэщащ Терроризмэм пэщIэт цIыхубэ комитетыр (НАК). Илъэс 20 и пэкIэ, 2006 гъэм, Беслъэн къыщыхъуа гузэвэгъуэм иужькIэ къарузехьэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр зэщIэгъэуIуэным хуэунэтIауэ ар къэунэхуауэ щытащ.

ФСБ-м жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и центрым къызэритымкIэ, 2026 гъэм и япэ мазэхэм и закъуэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм къызэпаудащ транспортымрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ я IэнатIэхэм щалэжьа диверсионно-террор Iуэхугъуэ 66-м нэблагъэ. Абыхэм я Iуэху хэлъу цIыхуи 150-м щIигъу къаубыдащ, диверсант гупхэр къэралым и щIыналъэм къихьэну 3-рэ яужь зэрихьар къызэпаудащ.

Терроризмэм зэрыпэщIэт Iэмалхэр ирагъэфIэкIуащ «Крокус Сити Холл»-м къыщыхъуа гузэвэгъуэм иужькIи: метрор, аэропортхэр, сату щIапIэхэр нэхъри сакъыу яхъумэ хъуащ. 2025 гъэм и мэлыжьыхьым Къэрал Думэм къищтащ концертхэмрэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэмрэ къызэзыгъэпэщхэм щIыналъэ унафэщIхэм нэхъ пасэу хъыбар ирагъэщIэн, терроризмэм пэщIэтынымкIэ къагъэувым тетыну къалэн ящызыщI закон.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащI мессенджерхэмрэ социальнэ сетхэмкIэ щIалэгъуалэр терроризм лэжьыгъэм хашэну зэрыхэтыр къызэпыудыным. Апхуэдэу, Урысейм шынагъуэншагъэмкIэ и Советым къызэритамкIэ, 2026 гъэм и щIышылэ-мэкъуауэгъуэ мазэхэм терроризм и лъэныкъуэкIэ уголовнэ тезыр щIытралъхьэ Iуэху зылэжь ныбжьыщIэхэм я бжыгъэм хуэди 2,2-кIэ хэхъуащ - Iуэхугъуэ 88-м къыщыщIэдзауэ 196-м нэс. IуэхущIапIэм ар ирапх Украинэм и националистхэм балигъ мыхъуахэм интернеткIэ зэрытракъузэ Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпрейм. Къэралыр хущIокъу абыи пэщIэтыну: къыхуеджэныгъэхэр, хэкупсэ Iуэхухэр еджапIэхэм щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI, терактымрэ абы и Iэужьыр зэрышынагъуэмрэ цIыхухэм гурагъаIуэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Журналист пашэхэр утыку кърашэ

**КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу Налшык Печатым и унэм щекIуэкIащ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIыналъэ къудамэм и правленэм хэтхэм я зэхуэсышхуэ. ЩIыналъэ журналистикэм и Iуэху зыIутым, къэкIуэнум хуиIэ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ, нэгъуэщIхэми щытепсэлъыхьа зэIущIэм правленэм хэтхэм нэмыщI, ирагъэблэгъат республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэри.**



ЗЭХУЭСЫР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Жыласэ Заурбэч. Зытепсэлъыхьыну Iуэхугъуэхэр наIуэ къищIа нэужь, ар къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ фокIадэм и 1-м ди къэралым, республикэм щагъэлъапIэ махуэщIхэмкIэ. Апхуэдэхэщ КъБР-м и Къэралыгъуэм, КъБР-м и Конституцэм, ЩIэныгъэхэм, Налшык къалэм я махуэшхуэхэр.

- Зи цIэ къитIуа махуэщIхэм мыхьэнэшхуэ щаIэщ дэтхэнэми ди гъащIэм, - къыхигъэщащ Жыласэм и псалъэм. - Си гуапэщ абыхэм ящыщ дэтхэнэри угъурлы тхуэхъуну, ехъулIэныгъэщIэхэр къытхудэкIуэну, ди республикэм илъ зэпэщыныгъэр, щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр нэхъри зыгъэбыдэ Iуэхугъуэхэу къытхущIэкIыну.

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу, апхуэдэуи щIыналъэ журналистикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIам папщIэ гуфIэгъуэ щытыкIэм иту зэхуэсым щагъэлъэпIащ республикэ газетхэм, радиомрэ телевиденэмрэ, интернет хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IэщIагъэлI пашэхэр. Абыхэм иратащ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI дамыгъэ лъапIэхэр. «ЩIыхь. ПщIэ. IэщIагъэм хуэIэижь» дамыгъэхэр хуагъэфэщащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Конаков Хьэсэн, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиом и нэтынхэр езыгъэкIуэкI АфIэунэ Светланэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» РИА хъыбарегъащIэ IэнатIэм и корреспондент Биденкэ Маринэ сымэ. «IэнатIэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» дамыгъэхэр иратащ «Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Жыласэ Маритэрэ «1КъБР» телеканалым и нэтынхэр езыгъэкIуэкI Суановэ Залинэрэ. «ЦIыхухэм зэрадэIэпыкъум папщIэ» дамыгъэхэмкIэ ягъэпэжащ «Горянка» газетым и къудамэм и редактор Къарэлъашэ Алёнэрэ «Баксан» район газетым и редактор нэхъыщхьэ Балъкъыз Iэминатрэ.



Жыласэ Заурбэч гуапэу ехъуэхъуащ Москва къикIа дамыгъэ лъапIэхэр, абыхэм щыхьэт техъуэ тхылъхэр зратыжа лэжьакIуэ пашэхэм. Апхуэдэу зэхуэсым щратыжащ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хыхьагъащIэ журналистхэм я удостоверенэхэр.

Журналистхэм я республикэ зэгухьэныгъэм и правленэм хэтхэм я зэхуэсым адэкIэ щытепсэлъыхьащ щIыналъэ къудамэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым, блэкIа зэманым зыхунэсахэмрэ адэкIэ къапэщылъ Iуэхугъуэхэмрэ. Ахэр ехьэлIауэ щытащ абы щекIуэкI мылъкухозяйственнэ Iуэхухэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм, журналистикэм и ветеранхэм илъэс къэс зэрызыщIагъакъуэ щIыкIэхэм, IэнатIэм къызэщIиубыдэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэр республикэ, щIыналъэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм ехъулIэныгъэ яIэу зэрыхэтым. А лэжьыгъэхэм дяпэкIи пащэнущ.

**ТАМБИЙ Линэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*






# Си къуажэ, си лъахэ, си адэжь Хэку

**Гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI апхуэдэ псалъэ дахэхэмкIэ и къалэмыпэм къыпыкIа тхылъ купщIафIэм ит хъыбархэр ирешажьэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэш, хэкупсэ нэсу зи гъащIэр зыхь Къалмыкъ Эдуард. «Зэрэгъыж (1926-2026). Тхыдэр, географиер, щIыпIэцIэхэр, цIыхухэр» фIэщыгъэр зиIэ а тхылъ гъэщIэгъуэныр и бжыгъэкIэ 100 хъууэ иджыблагъэ къыщыдэкIащ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм. Авторым зэрыжиIэмкIэ, анэ лъагъуныгъэмрэ абы и чэнджэщхэмрэ гъуэгугъэлъагъуэ зыхуэхъуа а къыдэкIыгъуэр яхуэгъэзащ жылэу зэрытIысрэ мы гъэм илъэси 100 ирикъу и къуажэм и тхыдэм, къедза щIыпIэхэм, абы щыпсэуахэу зи дунейр зыхъуэжахэми нобэ узыншэу, жылэм, республикэм, ди къэралышхуэм я ехъулIэныгъэм хуэлажьэу псэу и къуажэгъухэми.**

ДЭТХЭНЭ цIыхуми, унагъуэми, жылэми, лъэпкъми, щIыналъэми езым я тхыдэ яIэжщ, мащIэми куэдми. Ахэр зэхэувэжурэ, къэралпсо тхыдэ мэхъу, лIэужьхэр къызэщIиубыдэу, лIэщIыгъуэхэр зэпищIэу, хъугъуэфIыгъуэ ину щIэблэхэм къахуэнэу. Къэрал унафэкIэ жылэу зэрытIысрэ мы гъэм илъэси 100 ирикъуа Зэрэгъыж и щIыбагъ къыдэлъ тхыдэри апхуэдэщ. Къалмыкъ Эдуард хузэфIэкIащ щалъхуа и къуажэм къикIуа гъуэгуанэр зыхуэдэр къигъэлъэгъуэн, жылэм дэлъ хабзэр, и къуажэгъухэм я зэфIэкIхэр, я дуней еплъыкIэхэр, гупсысэхэмрэ мурадхэмрэ (блэкIа зэманым къриубыдахэри къэкIуэнум хуэгъэпсахэри) нэсу къызэщIиубыдэным хущIэкъуу, тхыдэм и пэжыр и тегъэщIапIэу.

Зэрэгъыж къуажэм игъуэта цIэм и деж къыщыщIедзэри, Къалмыкъыр и лэжьыгъэмкIэ нос абы и нобэрей гъащIэм. Дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъ тхыгъэхэм къызэрыхэщыжымкIэ, Псыгуэнсу щIыпIэм нэхъапэм щыпсэуащ Амчокъуэ Зэрэгъыж и цIэу адыгэлI хахуэ, и лъэпкъэгъухэм пщIэшхуэ къыхуащIу, бийр къыщыщтэу. Ар кърым тэтэрхэм яIэщIэкIуэдауэ щытащ. ЛIыхъужьыр щаукIа щIыпIэм «Зэрэгъыж дэлъэдапIэкIэ» йоджэ иджы. Псыгуэнсу къыдэкIыу а Iэшэлъашэм щытIыса жылэм Зэрэгъыж и цIэр игъуэтащ.

Зэманыр кIуащ, жылэми зиужь зэпыту екIуэкIащ. Илъэси 100 ипэкIэ, 1926 гъэм и фокIадэм и пэщIэдзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым унафэ къыдигъэкIащ Зэрэгъыжым къуажэ совет иIэн зэрыхуейм теухуауэ. Абдеж къыщежьащ жылэм и тхыдэщIэр: купщIафIэр, Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ, лIыгъэрэ хахуагъэкIэ гъэнщIар, ябгъэдэлъ зэфIэкIхэмкIэ ди республикэми, къэралышхуэми, дуней псоми цIэрыIуэ щыхъуа цIыху куэд къыщыхъуар. Зэ еплъыгъуэкIэ, тхыдэм и дежкIэ илъэси 100-р ар куэдкъым, атIэми а илъэсхэм къуажэм зыужьыныгъэфI игъуэтащ, цIыхухэм я псэукIэр иджырей мардэхэм хуэкIуэ хъуащ, жылэм и цIэр фIыкIэ ягъэIуащ абы щыщ еджагъэшхуэхэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, политикэмрэ экономикэмрэ, щэнхабзэмрэ спортымрэ я лэжьакIуэхэм, къызыхэкIа унагъуэмрэ зыщыщ лъэпкъымрэ емылъытауэ. Апхуэдэхэщ, Къалмыкъым къызэригъэлъагъуэмкIэ, Ленинымрэ и орденыр зыхуэгъэфэща Джэду Бэчмырзэрэ Пщыбий Мухьэмэдрэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта Вэрокъуэ Леонид, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм я лIыхъужьхэу Бозийхэ Кушбийрэ Щадрэ, Жыкъуэ Борис, Къардэн Бабий, Челышев Виктор, Бозий Азэт, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ Темыркъан Юрэ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ IутIыж Борис, КъБР-м и Правительствэм хэтахэу Темыркъанхэ Хьэтурэ Борисрэ, Фырэ Руслан, Iэхъуэбэч Азрэт, Олимп чемпион Къардэн Мурат, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэу щыта Хьэмгъуокъу Леонид, нэгъуэщIхэри.

Абыхэм, къуажэм, республикэм, къэралым Iуэху щызезыхьэ нэгъуэщI зэрэгъыждэс куэдми ятеухуа тхыгъэ щхьэхуэхэр, зи цIэхэр жылагъуэм и IуэхущIапIэхэм, уэрамхэм пщIэ хуащIу фIащахэм ехьэлIа хъыбар хьэлэмэтхэр щызэхуихьэсащ Къалмыкъым и лэжьыгъэм. Хуабжьу удэзыхьэхщ къуажэмрэ абы къедза щIыпIэхэмрэ я фIэщыгъэхэу Шэбий Iуащхьэ, Чэщанэжь, Суфэ и тIыгъэ, ПсыфIэIу, Псыжь лъэгу, Иныжьыкхъэ, Вагъэдзыкъуэ, Болжат кумбыжь, жылэм и нэгъуэщI щIыпIэ цIэрыIуэхэми епха хъыбархэри. КъинэмыщIауэ, къуажэм и теплъэр къызэрыщ, и цIыхухэм я сурэт хьэлэмэтхэмрэ усэ купщIафIэхэмрэ къыщыхьащ тхылъ гъэщIэгъуэным.

ЖыпIэнурамэ, зы жылэ и тхыдэрэ и дунейрэ екIуу къыщыгъэлъэгъуа къыдэкIыгъуэщ Къалмыкъ Эдуард и къалэмыпэм къыпыкIар. Зэрэгъыжым и щIэблэ куэдым къахуэщхьэпэну тхылъ гъуэзэджэмкIэ авторым сэтей къищIар щалъхуа щIыпIэм и къекIуэкIыкIамрэ и нобэрей гъащIэмрэ я закъуэкъым – Эдуард хузэфIэкIащ цIыхум и дежкIэ къызыкIа лъэпкъым, зыщыщ щIыналъэм къепха псори хъугъуэфIыгъуэ мылъытэу зэрыщытыр къигъэлъэгъуэн, а фIыгъуэхэр хъумэныр дэтхэнэми и къалэну зэрыщытыр наIуэ къищIын.

Жылэ махуэу дяпэкIи уекIуэкIыну, уи тхыдэм узэрыгушхуэн илъэси 100 куэд кърикубыдэну, Зэрэгъыж!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# «ЦIыхубэ участковэ-2026»

Къэбэрдей-Балъкъэрым фокIадэм и 7-м щыщIедзэ Урысей МВД-м илъэс къэс иригъэкIуэкI «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм. Япэми хуэдэу, щIыналъэ зэпеуэм щытекIуар къыхахынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и Интернет-сайтым (07.мвд.рф) полицэм и участковэ уполномоченнэхэм папщIэ Iэ щаIэткIэрэ.

Ар фокIадэм и 16 пщIондэ екIуэкIынущ. Участковэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ кIэух зэпеуэм зыкъыщагъэлъэгъуэным хущIэкъунущ.

Федеральнэ Iыхьэм хэтынущ ипэкIэ екIуэкIа зэпеуэхэм щытекIуахэм ящыщу дэтхэнэ щIыналъэми къыбгъэдэкI зы участковэ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ЗэпыщIэныгъэр йофIакIуэ

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаилрэ Белоруссием и Президент Лукашенкэ Александррэ тепсэлъыхьащ унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ къэралитIым яку дэлъ зэгурыIуэныгъэхэр зэрагъэзащIэм, я зэныбжьэгъугъэр зэрагъэбыдэм.**

Къуухьэпlэм и санкцэхэм емылъытауэ, лъэныкъуитIым я сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэр йофIакIуэ. Мы илъэсым и япэ мазитхум хьэпшып зэрагъэкIуэкIхэм я куэдагъым процент 12,5-кIэ хэхъуащ. Урысейми Белоруссиеми я правительствэхэм гулъытэшхуэ хуащI промышленнэ кооперацэм, микроэлектроникэм, бжыгъэр зи лъабжьэ экономикэм, туризмэм зрагъэужьыным.

КъэралитIым я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ тынш щIыным хуэщIауэ абыхэм я транспорт гъуэгу зэхэт къызэрагъэпэщ. Япэу Смоленск – Витебск, Смоленск - Орша гъущI гъуэгур къызэIуахащ. А Iуэхум къыпызыщэ лэжьыгъэхэр адэкIи ирагъэкIуэкI.

Белоруссием и Президентым жиIащ лъэныкъуитIым я зэдэлэжьыныгъэм арэзы къызэрищIыр, зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэр нэсу гъэзэщIа хъунымкIэ Урысейм и Правительствэм егугъуу и пщэрылъхэр зэригъэзэщIар. Лукашенкэ Александр къыхигъэщащ къалэн зыхуагъэувэжахэр зэфIэхыным адэкIи я къару псори зэрырахьэлIэнур.

### Сом триллиони 6,5-рэ

**ФокIадэм и 1 - 4-хэм Владивосток щекIуэкIыну КъуэкIыпIэ экономикэ форумым (ВЭФ-2026) къэрал 80-м я лIыкIуэхэр хэтынущ.**

«Владивосток щызэхуэсынущ экономикэ зыужьыныгъэм бгъэдыхьэкIэщIэхэр хузиIэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа хьэщIэхэр. Апхуэдэ зэхыхьэр Iэмал хъарзынэщ унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ лэжьыгъэ и пIалъэкIэ узэхъуэжэнымкIэ, сатум, инвестицэм, технологием, нэгъуэщI Iуэху куэдми щекIуэкI дунейпсо зыужьыныгъэхэм нэхъ кууиуэ зыхэбгъэгъуэзэнымкIэ», - жиIащ КъуэкIыпIэ экономикэ форумым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым жэуап зыхь и секретарь Кобяков Антон.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, форумым сом триллиони 6,5-рэ къызыпэкIуэну зэгурыIуэныгъэ 380-рэ щызэращIылIэну я мурадщ. Ар хуэунэтIауэ щытынущ КъуэкIыпIэ Жыжьэм и экономикэм, энергетикэм, промышленностым, щIэныгъэхэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми зегъэужьыным.

**ФокIадэм и 1, гъубж**

♦ ЩIэныгъэхэм я махуэщ
♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ.
♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ.
♦ Дзэ щIыхьым и къалэ, КъБР-м и щыхьэр Налшык и махуэщ.
♦ **1569 гъэм** урыс пащтыхь Иван IV и щхьэгъусэ, Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) дунейм ехыжащ.
♦ **1674 гъэм** адыгэпщ Муцал и къуэ Къасболэт и дзэм Азов и деж тыркудзэр щызэтрикъутащ.
♦ **1940 гъэм** Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу яутIыпщащ.
♦ **1940 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ адыгэ, балъкъэр балет студиехэр.
♦ **1909 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Къудей Чэрим**.
♦ **1922 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуэш Алий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 2, бэрэжьей**

♦ **ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ**
♦ **1943 гъэм** Къанкъуэщ Ахьмэдхъан «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ.
♦ **1954 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Ерчэн Исуф**.
♦ **1983 гъэм** къалъхуащ атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастер, дунейпсо чемпионатым домбеягъ, европэпсо зэпеуэм дыжьын медалхэр къыщызыхьа **Къардэн Рагнеттэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

**Къытхэхъуащ**

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 17. Абыхэм ящыщу 8-р хъыджэбз цIыкIущ, 9-р щIалэщ.

*ШыщхьэуIум* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 768-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 5905-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гум фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ.**





# Лаурэ и IэрыкI хьэлэмэтхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм япэу щагъэлъагъуэ Налшык Гъуазджэхэмкlэ и школымрэ КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и колледжымрэ щезыгъаджэ Бекъул Лаурэ и Iэдакъэщlэкlхэр.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ щызэхуэхьэса лэжьыгъэхэм къыбгурагъаlуэ адыгэм ди гъащlэм цым, упщlэм увыпlэфl щаубыду, абы псэупlэхэр ирагъэдахэу зэрыщытар. Унагъуэм я нэхъыжьыр здэщыс, хьэщlэхэр щригъэблагъэ тlысыпlэм и лъэныкъуэмкlэ блыным алэрыбгъухэр щыфlадзэрт. Ар щыхьэт техъуэрт лъэпкъыр lэпэlэсагъэм, лэжьыгъэм зэрыдахьэхым. Аращ алэрыбгъур екlуу ящlыным елlалlэу щlыщытари. Бекъулым лъэпкъ хабзэхэр къызыхэщыж и lэрыкlхэмкlэ гу лъыдегъатэ иджырей гъуазджэмрэ lэпщlэлъапщlагъэмрэ я гъунапкъэмрэ зэпыщlэныгъэмрэ. Лэжьыгъэхэр я теплъэкlи, хэлъ тхыпхъэкlи, хэдыкlкlи, плъыфэкlи куэду зэщхьэщокl. Алэрыбгъу къудей мыхъуу, арт объект гъэщlэгъуэнхэр къызэрегъэпэщ. Абы зэрыжиlэмкlэ, цыр лъэпкъ щэнхабзэ щlэинхэм я хъумакlуэщ. Адыгэхэм lэщ куэду зэрызэрахуэм къыхэкlыу лъэпкъым упщlэм елэжьыным зрагъэужьат. Унагъуэкlэрэ цым елэжьурэ лъэпкъым къыдекlуэкl цlыхубэ lэщlагъэхэм ящыщ хъуащ ар. А lуэхум нэхъ хуэlээ хъуам иубзыхурт алэрыбгъум и инагъыр, плъыфэхэм я зэхэлъыкlэр, ар зэрагъэдэхэну лъэпкъ тхыпхъэхэр.

- Художникым и сурэтхэм я пlэкlэ, нобэ долъагъу Лаурэ езым зэхуихьэсыжа цы lуданэхэм, щэкlым, lутlаным (рогозэ), удз гъэгъа гъэгъуахэм, хьэуазэм, упщlэм, гъущlым, нэгъуэщl материалхэм къыхищlыкlа лэжьыгъэхэр. Абыхэм хиухуэнащ пасэрей тхыпхъэхэр, ди лъэпкъэгъухэм я псэукlэр, иджырей гъуазджэм щыщ и гупсысэхэри къызэщlиубыдэу. Дахагъэр къызэригъэщlым къыдэкlуэу, и гъэсэнхэри абы и щэхухэм зэрыхигъэгъуазэмрэ щlэблэр зэрыщlипlыкlымрэ узэрыгушхуэнщ, - жиlащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ. - Нэхъыжьхэм я блэкlар къызыхэщыж мы лэжьыгъэхэм куэдым урагъэгупсыс. КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и колледжым и лэжьакlуэхэми студентхэми фlыщlэ яхуэфащэщ, мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ купщlафlэхэр къызэрызэрагъэпэщым папщlэ. Къыхэгъэщыпхъэщ колледжыр къэзыуха куэдым республикэм и гъуазджэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащlыр зэрыуасэншэр.

КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борис къыхигъэщащ лэжьыгъэ щхъуэкlэплъыкlэхэр щызэхуэхьэса гъэлъэгъуэныгъэр зэрыгъэщlэгъуэныр, мы lэрыкlхэр гупсысэ куурэ мифологиекlэ зэрыгъэнщlар, пасэрей лъэпкъ lэщlагъэ дахэр къызэрагъэщlэрэщlэжыр зэрыгуапэр, абы иджыри зрагъэужьу мыпхуэдэ лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм къыпащэну зэрыщыгугъыр.

КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и колледжым и унафэщl Къанло Алим жиlащ жэуаплыныгъэ зыхэлъ, щlэныгъэ зиlэ, зи lуэху бгъэдыхьэкlэхэмкlэ щlэблэм ядэгуашэ егъэджакlуэхэр я lуэхущlапlэм пщlэ зэрыщыхуащlыр, студентхэм щапхъэ яхуэхъу, зэпымыууэ щlэм и лъыхъуакlуэ Бекъул Лаури абыхэм зэращыщыр.

- Зэхыхьэ щхьэпэм сыкъызэрырагъэблэгъар гуапэ сщыхъуащ. Гъэлъэгъуэныгъэ къэс зыгуэрым урегъэгупсыс. Цым къыхэщlыкlа мы лэжьыгъэхэм нэр ягъэгуфlэ, узыlэпашэ. Бекъул Лаурэ дяпэкlи мы унэтlыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуищlыну сохъуэхъу, - жиlащ КъБР-м Цlыхубэ lэпщlэлъапщlагъэмрэ lэпэlэсагъэмкlэ и центрым и унафэщl Урыс Аслъэн.

Старэ Шэрэдж къуажэм Гъуазджэмкlэ и сабий школым и унафэщl Хьэпэ Заринэ зи лlыкlуэ lуэхущlапlэм и лэжьакlуэхэм къабгъэдэкlыу Лаурэ и гъэлъэгъуэныгъэр къызэрызэlуахамкlэ ехъуэхъуащ икlи къыхигъэщащ пасэрей lэщlагъэ дахэр къэгъэщlэрэщlэжыным зэманрэ къарурэ зэрытригъэкlуадэр зэи пщlэншэ зэрымыхъур, и lэрыкlхэм щэlупщlэ зэраlэр.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl Къаныкъуэ Жаннэ жиlащ Лаурэ и егъэджакlуэ Мэзло Эдуард и гъэсэн куэд мы lуэхум зэрыдригъэхьэхар, абы и фlыгъэкlэ мы дахагъэм нэхъри зэрызрагъэужьыр, Лаурэ пасэрей лъэпкъ lэщlагъэр, цым узэрелэжьыну lэмалхэр кууэ зэриджар.

Бекъул Лаурэ къиухащ КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и колледжымрэ КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуазджэмкlэ и факультетымрэ. «Войлочный путь» проектым хэтащ. 2011 гъэм Налшык, Мейкъуапэ, Сыхъум, Владикавказ щыщагъэлъэгъуа, бгъэlэпхъуэ хъу гъэлъэгъуэныгъэхэм и лэжьыгъэхэр хагъэхьащ.

Лаурэ фlыщlэ яхуищlащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлlахэмрэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Фестивалыр къытхуоблагъэ

**2026 гъэм фокlадэм и 5-6 махуэхэм Налшык къалэ Урысейм и ерыскъыхэкlхэм я къалащхьэхэм ящыщ зы хъунущ - Зэгурыlуэныгъэм и утыкум щызэхашэнущ «КРСТ» къэрал программэм ипкъ иткlэ, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм къызэригъэпэща, щlыналъэхэм щекlуэкl «Урысейм и шхыныгъуэ гурыхьхэр» фестивалыр. Ар хуэунэтlащ ди къэралым къыщыщlагъэкl ерыскъыхэкlхэр зыхуэдэр нэхъыбэм къащlэнымкlэ, щlэупщlэ яlэнымкlэ, абы елэжь lуэхущlапlэ цlыкlухэм заужьынымкlэ.**

ФЕСТИВАЛЫМ хэтынущ Урысей Федерацэм и хэгъэгу 40-м щlыналъэ продукцэхэр къыщыщlэзыгъэкl lуэхущlапlэхэр. Хьэщlэхэм зыщагъэгъуэзэфынущ ди къэралым и щlыпlэхэм я лъэпкъ шхыныгъуэхэм, абыхэм я lэфlагъыр къащlэнуи lэмал яlэнущ. Утыкум кърахьэнущ продукцэу мин зыбжанэ - фермерхэм я кхъуейхэмрэ фомрэ, лыхэкl, бдзэжьейхэкl ерыскъыгъуэ зэмылlэужьыгъуэхэр, lэфlыкlэ зэхуэмыдэхэр.

Фестивалыр Урысейм и «ерыскъыхэкl зекlуэ» къудей мыхъуу, унагъуэ махуэшхуэуи щытынущ. Махуитlым къриубыдэу сабийхэми балигъхэми папщlэ нэгузыужь дауэдапщэ зэмылlэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщынущ. Пщэфlэным и щэхухэр къыщыпщlэфыну мастер-классхэр ирагъэкlуэкlынущ, урысей эстрадэм и артистхэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ, джэгукlэ зэмылlэужьыгъуэхэр щызэхашэнущ.

lэпщlэлъапщlэхэм я жармыкlэм фэм, абджым, пхъэм, мывэм къыхэщlыкlа хьэпшыпхэр, нэгъуэщl гъэщlэгъуэн куэди утыку къыщрахьэнущ.

Зэхыхьэр ягъэдэхэнущ Кавказ Ищхъэрэм и артист цlэрыlуэхэм я концертхэм. Фокlадэм и 5-м фестивалым и утыкум къихьэнущ Хьэжырокъуэ Сулътlан, фокlадэм и 6-м махуэшхуэр игъэбжыфlэнущ Итляшев Ислъам.

Фестивалым фыхэтыну зэрыунагъуэу фыкъакlуэ - Урысейм и шхыныгъуэ гурыхьхэр зэвгъэщlэнщ, щlыналъэхэм я хабзэхэм зыщывгъэгъуэзэнщ, фермерхэм ирагъэкlуэкlыну джэгу-зэпеуэхэм фи зэфlэкl щывгъэунэхунщ, мастер-классхэм фи lэзагъэм щыхэвгъэхъуэнщ!

Хъыбархэм фыщыкlэлъыплъ хъунущ фестивалым и социальнэ напэкlуэцlхэм:

Фестивалым и сайтыр - вкусыроссииврегионах.рф
VK https://vk.ru/vkusyrossii
MAX https://max.ru/id233l03l44533_biz




● Футбол

# Хуэфэщэну пэщIэтащ пашэм

**«Севастополь» (Севастополь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Севастополь. «СОК им. 200-летия Севастополя» стадион. Шыщхьэуlум и 29-м. Цlыху 750-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр** Довбня (Краснодар край), Головченкэ (Дон lус Ростов), Соколов (Ставрополь).

«**Севастополь**»: Вертиев, Гречкин, Потапов, Алиев, Абзалилов (Исаев, 83), Максимов (Загребельный, 58), Зубавленкэ, Дугу, Степанович (Гевлич, 58), Иванов (Супрун, 83), Османов (Оленев, 83).

«**Спартак-Налшык**»: Каркаев, Гирзишев, Балъкъыз, Кlэдыкlуей, Пириев, Малкандуев (Пекъу, 70), Гъуэгузокъуэ, Сарбашев (Хьэшыр, 46), Хьэцlыкlу (Тут, 70), Ибрагимов (Лlуп, 70), Черкесов (Лысенкэ, 46).

**Топыр дигъэкlащ**: Гречкиным, 76 (1:0).

**Дагъуэ къыхуащlащ**: Хьэшырым, Балъкъызым, Лысенкэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и кубокыр къэхьыным теухуауэ 2026 - 2027 гъэхэм екlуэкl зэхьэзэхуэм ипкъ иткlэ бэрэжьей кlуам бжыгъэшхуэкlэ «Волгарь»-м Астрахань къыщыхигъэщlауэ «Спартак-Налшыкыр» Севастополь кlуат, етlуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым и зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызылыгъым lущlэну. Гурыlуэгъуэт зи гукъыдэжри мыщlагъуэ, зэман кlэщlым гъуэгуанэ кlыхь къызэпызыча ди щlалэхэм я дежкlэ ар тыншу зэрымыхъунур. Апхуэдэуи къыщlэкlащ.

Япэ къекlуэкlыгъуэм Налшык къызэрыщыхагъэщlар гужьгъэжьу зиlэ севастополдэсхэр занщlэу къаруушхуэкlэ ебгъэрыкlуэну хуежьащ. Дауи, «Спартак-Налшыкыр» абы хуэхьэзырт икlи хэгъэрейхэм lэмал щlагъуэ яритакъым топ дагъэкlыну. Уеблэмэ, мызэ-мытlэу «Севастополь»-р и гъуэм ирагулlэжыну хьэщlэхэм яхуэзэфlэкlащ.

Загъэпсэхуауэ къыщихьэжым, налшыкдэсхэм я тренер нэхъыщхьэ Емкъуж Мурат гъуащхьауэхэр Лысенкэ Сослъэнрэ Лlуп Ислъамкlэ зэригъэлъэщам, наlуэ къыпщищlырт ди щlалэхэм я насыпыр хэгъэрейхэм я гъуэм и деж къызэрыщалъыхъуэнур. Мыгувэу абыхэм къахыхьэжащ Хьэшыр Аланрэ Тут Инарокъуэрэ.

Апхуэдиз гъуащхьауэ къэзыгъэсэбэп «Спартак-Налшыкым» хэгъэрейхэр икъукlэ гугъу ирагъэхьырт икlи къыпщыхъурт мыгувэу топ дигъэкlыну. Пэж дыдэуи мыгувэу бжыгъэр къызэlуахащ. Арщхьэкlэ ар зыхуэзэфlэкlар «Севастополь»-ращ. Зи lуэхухэр къимыкl я гъуащхьауэхэм ядэlэпыкъуну ипэкlэ кlуэта Гречкин Алексей 76-нэ дакъикъэм Каркаев Хъусей и гъуэр хигъэщlащ.

Къэнэжа зэманым налшыкдэсхэм я къару псори ирахьэлlащ зы очко нэхъ мыхъуми зэхьэзэхуэм щыпашэм къыlэщlахыну. Арщхьэкlэ къайхъулlакъым икlи ебланэ увыпlэм нэс аргуэру къекlуэтэхыжащ.

Мы текlуэныгъэ гугъум иужькlэ «Севастополь»-р бжьыпэм къыщынащ. Ар жыжьэ яутlыпщыркъым зи чэзу текlуэныгъэхэр зыlэрызыгъэхьа «Шахтёр»-мрэ «Ростов-2»-рэ. Донецкдэсхэр Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-м ефlэкlащ, Дон lус Ростов и командэм Хасавюрт къикlа «Победа»-р хигъэщlащ.

Икlэм-икlэжым иужь дыдэ увыпlэр ибгынащ Песчанокопскэм и «Чайка-М»-м. Ар ещанэу зэкlэлъхьэужьу, иджы Избербаш щыщ «Нефтяник»-м, текlуэри, Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-м щхьэщыкlащ.

Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекlуэкl зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикlуа бжыгъэхэм адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщlынщ. Мис ахэр: «**Заря**» (Луганск) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **4**:**0**, «**Кызылташ**» (Бахъчисарай) - «**Нарт**» (Черкесск) - **3**:**2**, «**Рубин**» (Ялта) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0**:**0**, «**Шахтёр**» (Донецк) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **4**:**2**, «**Ростов**» (Дон lус Ростов) - «**Победа**» (Хасавюрт) - **4**:**0**, «**Чайка-М**» (Песчанокопскэ) - «**Нефтяник**» (Избербаш) - **3**:**1**.

Къыкlэлъыкlуэ джэгугъуэр Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым фокlадэм и 5-м щекlуэкlынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщригъэблэгъэнущ турнир таблицэм щигъунэгъу Черкесск и «Нартыр».

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | Фl. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Севастополь»** | **20** | **15** | **2** | **3** | **36-16** | **47** |
| **2.** | **«Шахтёр»** | **20** | **14** | **3** | **3** | **41-19** | **45** |
| **3.** | **«Ростов-2»** | **20** | **13** | **4** | **3** | **43-16** | **43** |
| 4. | «Рубин» | 20 | 8 | 8 | 4 | 25-18 | 32 |
| 5. | «Кызылташ» | 20 | 9 | 4 | 7 | 35-28 | 31 |
| 6. | «Победа» | 19 | 9 | 3 | 7 | 36-26 | 30 |
| **7.** | **«Спартак-Налшык»** | **19** | **7** | **7** | **5** | **27-19** | **28** |
| 8. | «Нарт» | 19 | 8 | 3 | 8 | 26-19 | 27 |
| 9. | «Дружба» | 19 | 6 | 7 | 6 | 21-21 | 25 |
| 10. | «Заря» | 20 | 6 | 5 | 9 | 23-29 | 23 |
| 11. | «Астрахань» | 19 | 5 | 4 | 10 | 21-31 | 19 |
| 12. | «Нефтяник» | 20 | 6 | 0 | 14 | 18-55 | 18 |
| 13. | «Ангушт» | 19 | 4 | 4 | 11 | 9-20 | 16 |
| 14. | «Чайка-М» | 20 | 4 | 2 | 14 | 17-41 | 14 |
| **15.** | **«Динамо-2» Мх** | **20** | **3** | **4** | **13** | **18-38** | **13** |



# Уафэмрэ щIылъэмрэ я зэхуакум

**СурэтыщIхэм, тхакlуэхэм, макъамэтххэм, сурэттеххэм зэпымыууэ дигу къагъэкlыж хуэдэщ дыкъэзыухъуреихь дунейм дызэрыпыщlар. Абыхэм гъуазджэм и lэмалкlэ щlыуэпсым и дахагъэр дагъэлъагъу къудейуэ жыпlэныр къезэгъыркъым, я lэдакъэщlэкlхэм псалъэншэуи дунейр тхъумэну, абы дыхуэсакъыну дыкъыхураджэфри.**

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, япэ сурэтыр къыщыунэхуар XIX лlэщlыгъуэм и япэ lыхьэм хуахь. Абы лъандэри сурэттех lэщlагъэм зиужь зэпыту къекlуэкlащ.

Ди зэманым жып телефонкlэ махуэ къэс дэтхэнэ зыми сурэт тетхми, гъуазджэм и лэжьакlуэм «илъагъумрэ» дэ ди сурэттехым «къедгъэубыдыфымрэ» шурэ лъэсрэ я зэхуакущ жыпlэфынущ. Абы и щыхьэтщ иджыблагъэ Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэм щекlуэкlа гъэлъэгъуэныгъэр. Ар музейхэм щекlуэкl хабзэхэм къащхьэщыкlырт, уафэмрэ щlылъэмрэ я зэхуаку дэтми ярейуэ. Гъэмахуэу, дунейр хуабэу, Налшык и зыгъэпсэхупlэ нэхъ дахэ дыдэм урикlуэу апхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ ущрихьэлlэныр, дауи, щlэщыгъуэт. Псом хуэмыдэу сабийхэр яlыгъыу къэзыкlуэхь адэ-анэхэм дежкlэ ар гухэхъуэгъуэ хъунтэкъэ (зэман лей зэрамыlэр къэплъытэмэ) ?!

Апхуэдэ тыгъэ налшыкдэсхэм яхуэзыщlу зи lэдакъэщlэкlхэр утыку къизыхьар иджыблагъэ ди газетымкlэ зи lэщlагъэм тедгъэпсэлъыхьа Журт Хьэсэнщ. Мы сурэт гъэлъэгъуэныгъэр иджы етlуанэу къызэрегъэпэщ «Свой стиль» сурэтклубым. «Сэ куэд щlауэ мыпхуэдэ lуэху бгъэдыхьэкlэм срителъхьэт, - жеlэ езы сурэттехым. - Сурэтыр гъэлъэгъуапlэ пэшым щlэбубыдэкlэ зыри и мыхьэнэкъым. Ар цlыхум папщlэщ «къыщlэдгъэщlыр». Зы мазэм къриубыдэу музейм екlуалlэм нэхърэ нэхъыбэ мыбдеж зы махуэм щызэблокlри, цlыхухэм lэмал яlэщ гъуазджэм «лъэlэсыну».

Журт Хьэсэн и япэ гъэлъэгъуэныгъэр 2008 гъэм къызэригъэпэщауэ щытащ. Езым зэрыжиlэмкlи, ар зи фlыщlэр и анэ дэлъху, тхакlуэ lутlыж Борист. И лэжьыгъэ нэхъыфl дыдэу зытхух хуихьыну къыхуиlуэхури, Хьэсэн и сурэтхэр а махуэ дыдэм КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщlу щыта Кlэрэф Бетlал ири гъэлъэгъуауэ щытащ, и щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэ къыхузэрагъэпэщынуи зэгурыlуат.

Абы лъандэрэ Журтым и лэжьыгъэ lэнатlэ нэхъыщхьэм къыдэкlуэу, дэзыхьэх lуэхуми ехъулlэныгъэ куэд щызыlэригъэхьащ, и lэзагъэм хигъахъуэурэ урысейпсо зэпеуэхэми мызэ-мытlэу щытекlуащ. Урысейм Къуалэбзухэр хъумэнымкlэ и зэгухьэныгъэмрэ орнитолог цlэрыlуэ Белик Викторрэ гу къылъатауэ, Хьэсэн къуалэбзу гъуэтыгъуейхэм сурэт зэрытрихми и гугъу щытщlащ ди газетым.

Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэм иджы щигъэлъэгъуам и гугъу тщlымэ, ар тхыгъэр къызэрыщlэддза гупсысэрщ - Хьэсэн ар триухуат ди щlыналъэм и щlыуэпс телъыджэм. Пщэдджыжь пшэплъым зы сурэт закъуэ тепхын щхьэкlэ нэхущым укъэтэджыным е сыхьэт бжыгъэкlэ зумыгъэхъейуэ къуалэбзум упэплъэным и мыхьэнэм ущlэупщlэмэ, Журтым асыхьэту жеlэ: «Сурэт техыным езым хуабжьу уи гур хегъахъуэ. Ауэ гурыфlыгъуэ нэхъ ин дыдэр щызыхэпщlэр ди щхьэм и мызакъуэу, ар цlыхухэм ялъагъун щхьэкlэ зэрытетхырщ».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● УФСБ-м къет

# ТутынхэкI нэпцIхэр

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыlэм, КъБР-м щыlэ МВД-м я лэжьакlуэхэм контрафакт продукцэхэр игъэкlыным пэщlэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкlуэкlыу къыщlагъэщащ Налшык щыпсэу, илъэс 44-рэ зи ныбжь Батыр А. Г. хабзэм къемызэгъыу тутынхэкlхэр игъэкlыным зэрыпыщlар.**

ТУТЫНХЭКI пачкэ мин 15,5-рэ, федеральнэ маркэхэмрэ акцизхэмрэ темыту абы къытрахащ.

Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткlэ, ар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 171.1 статьям и 6-нэ lыхьэм и «б» пунктым къыщыхьа щlэпхъаджагъэр илэжьауэ икlи ямыгъэтlысу илъэситl тралъхьащ.

Къэралым, лъэпкъым лъабжьэ хуэхъур унагъуэрщ. Унагъуэщlэ къэунэхуху Хэкур нэхъ бей, лъэрыхь, бжьыфlэ зэрыхъум шэч хэлъкъым.

Зэшыпхъухэу Шурдым Эльмирэрэ Уэртэн Фатlимэтрэ я къуэрылъху-пхъурылъхухэу Шурдым Асхьэдрэ Гъуэплъащlэ Мухьэмэдрэ мы махуэхэм унагъуэщlэ яухуащ, я гъащlэ гъуэгуанэр зы ящlри, ныбжьыщlэхэр къэкlуэн дахэм пежьащ.


Шурдымхэ Асхьэдрэ Анастасиерэ


ГъуэплъащIэхэ Мухьэмэдрэ Миланэрэ

Шурдымхэ Асхьэдрэ Анастасиерэ, Гъуэплъащlэхэ Мухьэмэдрэ Миланэрэ я благъэхэмрэ lыхьлыхэмрэ йохъуэхъу узыншагъэрэ насыпкlэ гъэнщlауэ илъэс гуимыхужхэр къызэдагъэщlэну, я гурылъ lэфlхэр я lэпэгъуу, я нэхъыжьхэр яхуэузыншэу, щlэблэ къащlэхъуэм я гур хигъахъуэу, я мурад псори къайхъулlэу куэдрэ зэдэпсэунхэу.

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщl-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщl-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**

**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ lэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.**

**Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленины и уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.114**
**Заказыр №1858**
12+

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр lэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**

*жэуап зыхь секретарь* **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.

*Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.**